

Enfòmasyon an Relasyon ak Konfidansyalite sou VIH

Enfòmasyon prive Maimonides Medical Center konsève an Relasyon ak Konfidansyalite sou VIH an pwoteje pa lalwa ak regilasyon Eta ak Federal. Pwoteksyon sa yo depase pi wo ale nèt pwoteksyon ki dekri nan Notifikasyon Jeneral Sou Pratik Konfidansyalite lopital nou an. *Ofisye Konfidansyalite nou an se Joyce A. Leahy, Esq. epi si ou genyen yon kesyon sou notis sa oswa ou ta renmen resevwa plis enfòmasyon, kontakte Douglas Jablon, Asistan Espesyal Prezidan ak Vis Prezidan pou Relasyon Pasyon nan 718 283-7212.*

Nou rekòmande tou pou pran yon ti tan pou revize Notifikasyon Jeneral Sou Pratik Konfidansyalite sou enfòmasyon sou kijan Lopital la ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w. Notifikasyon Jeneral Sou Pratik Konfidansyalite Lopital la founi anplis enfòmasyon sou kijan w' ka jwen aksès sou sante w, sa enkli enfòmasyon an relasyon avèk Konfidansyalite sou VIH. Si an ka genyen oken dezakò ant Notifikasyon Jeneral Sou Pratik Konfidansyalite an ak notifikasyon sa, pwoteksyon ki dekri nan dokiman sa pral aplike olye de pwoteksyon ki dekri nan Notifikasyon Jeneral Sou Pratik Konfidansyalite an.

Enfòmasyon an relasyon avèk Konfidansyalite sou VIH se tout enfòmasyon ki endike ou te fè yon tès pou VIH, ke w genyen yon maladi ki konekte avèk VIH, oswa SIDA, oubyen ke ou genyen yo enfeksyon konektè ak VIH, ansanm avèk enfòmasyon ke yo ka idantifye w nan yon fason rezonab kòm yon moun ki te fè tès oswa genyen enfeksyon VIH la.

Daprè lwa nan Eta Nouyòk la, yo gen dwa bay enfòmasyon konfidansyèl sou VIH ou yo sèlman pou moun ki gen dwa genyen an akòdans avèk lalwa oswa lòt moun sèlman si w bay pèmasyon alekri si ou siyen yon fòm otorizasyon.

An jeneral, enfòmasyon konfidansyèl sou VIH paw, pèsònèl nan lopital a ki bezwen konnen enfòmasyon sa yo pou founi ou swen oswa tretman dirèk, pou yo kapab fè bòdwo oubyen dosye ranbousman, oswa pou siveye ak evalye kalite swen lopital la bay. Jeneralman lopital sa pa kapab divilge oken enfòmasyon Konfidansyèl konsènan VIH pou pèsòn andeyò lopital la ke yo ranmase pandan ke y ap trete w *esepte*:

- Lopital la genyen otorizasyon w a lekri;
- Yo pataje enfòmasyon w avèk yon moun ki otorize anba lwa aplikab pou pran desizyon sou swen sante w sou non w, e ke enfòmasyon sa yo enpòtan pou ede moun sa kapab ranpli wòl li an e pran you bon desizyon.
- Yo pataje enfòmasyon sa yo avèk yon lòt pwokirè de swen oubyen pou moun k ap peye pou tretman yo oswa pou rezon pou peyman;
- Yo pataje enfòmasyon sa yo avèk yon ajan andeyò lopital la ki bezwen enfòmasyon sa yo pou founi w swen oswa tretman dirèk, pou yo kapab fè bòdwo oubyen dosye ranbousman, oswa pou siveye ak evalye kalite swen lopital la bay. San ka sa yo, lopital pral genyen yon akò avèk ajan sa pou asire ke enfòmasyon konsènan Konfidansyalite VIH ou an rete pwoteje an akòdans avèk pwoteje pa lalwa ak regilasyon sou Konfidansyalite Eta ak Federal la.
- Lalwa oswa yon lòd tribinal mande divilgasyon sa;
- Enfòmasyon yo divilge an se pou yon òganizasyon ki kolektè pati kò pou fè transplant;

- Ou resevwa sèvis anba yon pwogram Eta, Federal oswa Gouvènman Lokal k ap siveye oubyen sipèvizè e ke nou remèt lè li rezonab pou ajans gouvènman an, oswa lòt anplwaye oubyen ajans pou sipèvizyon, siveyans oswa administrasyon k ap founi pwogram sèvis yo enfòmasyon prive sa yo;
- Lalwa Federal oswa Eta ekzije lopital la pou pataje avèk yon ofisye sante piblik, sa enkli rapòte sèten rezilta tès avèk kontak ke nou genyen;
- Divilgasyon sa ekzijib pou rezon sante piblik avèk/oswa an koneksyon avèk sèten ensidan ekspozisyon avèk Estaf Sant Medikal la;
- Si yon prizonye nan yon fasilite Koreksyonèl epi divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl konsènan VIH pou direktè medikal fasilite sa nesèsè pou li ka angaje nan fonksyon li yo;
- Pou moun ki mouri, yo pataje enfòmasyon sa avèk direktè Palwa Finè la ki pran chaj kadav la epi ki genyen aksès pou biznis Konfidansyalite enfòmasyon nòminal sou VIH ke li mete sou sètifika de desè an.;
- Yo divilge enfòmasyon pou rapòte abi oswa neglijan timoun pou otorite apwopriye Eta ak lokal..

Vyolasyon règleman Konfidansyalite ka lakòz lopital pou resevwa penalite sivil ak kriminel.. Yo ka rapòte si yo sispèk yon vyolasyon pou otorite apwopriye an akòdans avèk Lwa Federal ak Eta.

KIJAN OU KA RESEVWA KOPI DOKIMAN SA

Ou gen dwa pou jwenn yon kopi sou papye de dokiman sa. Ou kapab mande yon kopi so papye menm si avan ou te dakò pou resevwa li elektwonikman. Pou plase demann la, tanpri rele Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212. Ou kapab jwen yon kopi dokiman sa nan Sitwèb nou nan www.maimonidesmed.org, oswa si ou mande yon kopi pandan vizit pwochè ou an. Nou kapab chanje pratik prive nou an de tan zantan. Si nou fè sa, nou pral revize dokiman sa pou ka genyen yon rezime ki ekzak sou pratik nou yo. Dokiman revize an pral aplike sou tout enfòmasyon w yo ke nou kenbe nan pwogram sa, epi nou pral oblije pou respekte tèm li an akòdans avèk lalwa. Ou kapab jwen yon kopi dokiman sa nan Sitwèb nou nan www.maimonidesmed.org, si ou rele Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212, oswa si ou mande yon kopi pandan vizit pwochè ou an Ou kapab jwen dat efektif dokiman sa sou anwo , kote kwen dwat premye paj la.

FASON POU POTE PLENT

So ou panse ke yo vyole dwa Konfidansyalite, ou kapab pote yon plent avèk nou oswa Sekretarya Depatman Lasante ak Sèvis Imen. Pou pote yon plent avèk nou, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan nou an nan 718 283-7212. *Pèsòn papa fè retalyasyon kont ou oswa pran aksyon kont ou pou plent sa ou pote an.*

Si ou Eksperyanse diskriminasyon akòz enfòmasyon konsènan Konfidansyalite VIH ou an nou te pataje, ou kapab kontakte Divizyon Dwa Imen Eta Nouyòk la nan 212 566-8624 oswa Komisyon pou Dwa Imen Eta Nouyòk la nan 212 566-5493. Ajans sa yo responsab pou pwoteje dwa w yo.